




Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou biznis swen ijyèn pèsonèl yo nan rejyon New York ki te gen otorizasyon pou [re-ouvri](#). Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Personal Care Services) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis swen pèsonèl yo ta dwe rete okouran tout chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak biznis swen ijyèn pèsonèl ak sèvis yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa yo pa gen entansyon ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Rekòmasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pediki, bwonzaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Direktiv sa a pa aplike nan okenn sèvis swen pèsonèl ki gen rapò ak cheve (tankou koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen), yo pale de sa "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou salon bote ak kwafè yo" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops).

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Manm mendèv la ak kliyan yo ki prezan pa dwe depase 50% kantite moun maksimòm nan, sa gen ladan kliyan yo, ki dwe kenbe yon separasyon 6 pye de lòt moun, sòf pandan sèvis la, epi, nan tout ka yo, yo dwe kite yo antre sèlman si yo mete yon kachnen akseptab; depi kliyan an gen plis pase laj 2 zan epi li kapab sou plan medikal tolere kachnen an. ✓ Dwe toujou gen yon distans 6 pye pami moun yo, sòf si sekirite oswa aktivite prensipal la egzije yon distans pi kout (paregzanp fè yon pèsaj/tatou, bay yon masaj, fè yon maniki/pediki). Anplwaye yo dwe kouvri figi yo depi yo an kontak avèk kliyan yo (paregzanp ap bay yon sèvis, pase yon acha) epi depi anplwaye yo dwe vin a yon distans ki mwens pase 6 pye de yon lòt moun. ✓ Chèz kliyan yo dwe pèmèt kliyan yo kenbe yon distans 6 pye de tout lòt moun sòf anplwaye k ap bay sèvis la (paregzanp pòs travay tatou ak pèsaj yo, tab masaj yo, oswa pòs travay salon kwafi yo dwe gen yon distans 6 pye ki separe yo), sòf si yo enstale yon baryè fizik konfòmman ak rekòmasyon Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA). ✓ Anplwaye yo ki devan biwo randevou/kès yo dwe kenbe yon distans 6 pye de lòt moun, sòf si gen yon baryè fizik (paregzanp plexiglas) ant yo, oswa si anplwaye a mete kachnen; sepandan, menm avèk yon baryè, anplwaye yo dwe mete kachnen depi y an kontak avèk yon kliyan. ✓ Fèmen sal datant yo. ✓ Mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou twalèt ak sal repò. ✓ Etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak fè livrezon, avèk lemwens kontak posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Aplike yon politik "sou randevou sèlman" pou limite kantite kliyan ki vini san randevou ak rasanbleman. Kliyan ki vini san randevou yo ke yo pa kapab sèvi imedyatman, yo ta dwe bay yo yon lè pou yo retounen. ✓ Mande kliyan yo pou yo tann nan machin oswa deyò etablisman swen ijyèn pèsonèl la a yon distans omwen 6 pye jiska lè randevou a. ✓ Reflechi sou opsyon elektwonik nan plas randevou an pèsonn lè sa apwopriye pou vizit yo, tankou suivi apre swen, jwenn sa k ap bay pwoblèm, ak lòt konsiltasyon. ✓ Salon tatou ak pèsaj yo dwe reflechi tou sou afiche desen anliy oswa nan fenèt la pou minimize kantite tan kliyan yo pase nan biznis la leplis posib. ✓ Etablisman ki espesyalize nan zong yo dwe pran dispozisyon pou wete oswa sere boutey kitèks yo oswa lòt bagay plizyè moun manyen pou anpeche plizyè kliyan manyen yo. ✓ Chanje aranjman sal yo epi redui sikilasyon apye nan de sans avèk panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo. ✓ Bay antre ak sòti separe ki make klè. ✓ Chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou travayè yo gen yon distans omwen 6 pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon. ✓ Make distans avèk tep oswa panno ki montre 6 pye distans nan zòn ki sèvi souvan yo (paregzanp devan biwo randevou yo/zòn kès yo). ✓ Entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas (paregzanp ti depo, dèyè kès), sòf si tout moun kouvri figi yo. Si gen plis pase yon sèl moun, kenbe kantite moun nan a mwens pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas la.

STAY HOME.


STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou biznis swen ijyèn pèsonèl yo nan rejyon New York ki te gen otorizasyon pou [re-ouvri](#). Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Personal Care Services) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis swen pèsonèl yo ta dwe rete okouran tout chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak biznis swen ijyèn pèsonèl ak sèvis yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa yo pa gen entansyon ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.


Rekòmasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pediki, bwonzaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Direktiv sa a pa aplike nan okenn sèvis swen pèsonèl ki gen rapò ak cheve (tankou koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen), yo pale de sa "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou salon bote ak kwafè yo" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops).

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
<p>Aktivite nan Lye Travay la</p>	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Sèvis swen ijyèn pèsonèl ki egzije pou kliyan yo wete kachnen yo (paregzanp pèsaj pobouch/nen, masaj nan figi, fasyal, epilasyon pobouch/nen) entèdi. ✓ Etablisman tatou ak pèsaj yo dwe pran dispozisyon pou: <ul style="list-style-type: none"> • Pèsonèl la wete zegui yo nan pake ki sele anvan yo fè entèkansyon pou yon lòt kliyan. Tout modèl oswa razwa dwe pwòp tou, poko janm sèvi, epi jete touswit apre itilizasyon. • Yo suiv rekòmasyon Depatman Sante a (Department of Health, DOH), OSHA ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nòminal yo pou sante ak sekirite. ✓ Salon ki ofri sèvis tankou espesyalite nan zong, ak epilasyon ak lasi dwe pran dispozisyon pou: <ul style="list-style-type: none"> • Basen ak bòl maniki ak pediki yo byen dezenfekte apre chak itilizasyon. Yo dwe byen netwaye ak dezenfekte avèk solisyon EPA apwouve. • Tab pou seche men/pye yo byen netwaye ak dezenfekte apre chak kliyan. • Ranplase oswa netwaye ak dezenfekte tout veso pou kenbe lasi yo apre chak kliyan, epi pa tranpe aplikatè yo de fwa. • Chak nouvo kliyan resevwa ekipman tankou sèvyèt, bòl pou tranpe dwèt, spatil, ki tou nèt oswa ki netwaye ak dezenfekte. • Suiv Rekòmasyon OSHA yo pou sante ak sekirite nan salon bote epitou egzijans yo sou ijyèn ak sanitasyon ki nan Atik 27 Lwa Jeneral sou Biznis la (General Business Law), 19 NYCRR 160.19, 160.20, 160.21, 160.22 ak 160.24. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etablisman tatou ak pèsaj yo dwe: <ul style="list-style-type: none"> • Kouvri aparèy tatou yo avèk plastik ak/oswa netwaye ak dezenfekte yo apre chak kliyan yo fè entèkansyon pou li. • Limite kontak kliyan yo genyen avèk pwodui pou vann yo anvan y achte yo, sitou bijou pou kò. ✓ Salon ki ofri sèvis zong espesyal ak epilasyon ak lasi dwe: <ul style="list-style-type: none"> • Reflechi sou maniki ak pediki san dlo oswa sou itilizasyon sache plastik dispozab nan basen pediki yo. • Reflechi sou vide lasi an nan veso pwòp ki fèt pou sèvi yon sèl fwa y ap jete apre chak kliyan. • Dekouraje itilizasyon men (sòf si yo mete gan pwòp anvan yo manyen epi yo wete ak jete yo epi pratike ijyèn men lè yo fin wete gan yo) pou melanje oswa eseye pwodui, epi pran dispozisyon pou sèvi avèk yon spatil pwòp pou gaye koulè a sou plato a. Ankouraje itilizasyon bwòs dispozab depi sa posib. • Dekouraje itilizasyon pwodui "pou teste" oswa echantiyon koulè sòf si yo sèvi yon sèl fwa. ✓ Etablisman ki ofri sèvis terapi mesaj yo ak sant masaj yo dwe: <ul style="list-style-type: none"> • Ankouraje itilizasyon ekipman pou bwonzaj ki pou sèvi yon sèl fwa tankou pwoteksyon pou je, bonè pou cheve, pwoteksyon pou pye, ak ponmad pou bouch. ✓ Ajiste orè fonksyonman yo jan sa nesè pou redui kantite moun epi pèmèt pi bon pwosedi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou biznis swen ijyèn pèsonèl yo nan rejyon New York ki te gen otorizasyon pou [re-ouvri](#). Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Personal Care Services) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis swen pèsonèl yo ta dwe rete okouran tout chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak biznis swen ijyèn pèsonèl ak sèvis yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa yo pa gen entansyon ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.


Rekòmasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pedik, bwonzaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Direktiv sa a pa aplike nan okenn sèvis swen pèsonèl ki gen rapò ak cheve (tankou koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen), yo pale de sa "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou salon bote ak kwafè yo" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops).

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
<p>Aktivite nan Lye Travay la</p>	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etablisman ki ofri sèvis terapi mesaj yo ak sant masaj yo dwe: <ul style="list-style-type: none"> • Ofri aranjanman pou bagay pwòp ak dezenfekte pou kouvri figi pandan masaj nan pozisyon kouche sou vant (paregzanp vlope apitèt la nan yon tèt zòrye an koton) oswa evite pozisyon sa yo nèt. Anplwaye yo gen dwa bay kliyan ki kouche sou vant masaj si anplwaye a ekipe avèk ni kachnen ni ekran pou figi oswa pwoteksyon pou je. Fè kliyan yo kouvri figi yo lè y ap pase de pozisyon kouche sou vant a kouche sou kote oswa sou do. • Chanje tout dra yo apre chak kliyan epi lave yo kòm sadwa epi kenbe yo nan veso apwopriye apre chak itilizasyon. • Fèmen beny vapè oswa tout lòt sèvis ki fèt nan espas fèmen kote poutèt sa li difisil pou kenbe distans sosyal ak/oswa danjre pou kouvri figi kòm sadwa. • Netwaye ak dezenfekte tout tab ak kabin bwonzaj apre chak itilizasyon. ✓ Respekte tout rekòmasyon DOH yo ki kontwole zòn sèvis manje/bwason. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Dekouraje itilizasyon boutèy espre nan etablisman an pou minimize kreyasyon ayewosòl ki gen posibilite pou yo kontajye. ✓ Elimine oswa relache frè anilasyon yo pou ankouraje kliyan yo rete lakay yo si yo vin malad. ✓ Aankouraje kliyan yo itilize opsyon pèman san kontak oswa peye davans.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou biznis swen ijyèn pèsonèl yo nan rejyon New York ki te gen otorizasyon pou [re-ouvri](#). Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Personal Care Services) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis swen pèsonèl yo ta dwe rete okouran tout chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak biznis swen ijyèn pèsonèl ak lasi yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa yo pa gen entansyon ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.


Rekòmasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pediki, bwonaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Direktiv sa a pa aplike nan okenn sèvis swen pèsonèl ki gen rapò ak cheve (tankou koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen), yo pale de sa "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou salon bote ak kwafè yo" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops).

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Yo dwe kite kliyan yo antre nan etablisman an sèlman si yo mete yon kachnen akseptab, depi kliyan an gen plis pase laj 2 zan epi li kapab sou plan medikal tolere kachnen sa a. ✓ Bay anplwaye yo kachnen ak ekipman pwoteksyon ki akseptab gratis pou anplwaye a epi dwe gen kont rezèv kachnen pou si yo ta bezwen ranplase. ✓ Anplwaye yo dwe mete kachnen ki kouvri nen an ak bouch la nèt ak yon ekran pou figi oswa linèt pwoteksyon lè y ap bay kliyan sèvis dirèkteman. ✓ Pami bagay pou kouvri figi ki akseptab gen sa ki an twal (paregzanp sa ki koupe ak koud lakay, bandana), mask chirijikal, respiratè N95, ak ekran pou figi. ✓ Anplwaye yo dwe kouvri figi yo depi yo an kontak avèk kliyan, menm si yo a yon distans ki plis pase 6 pye. ✓ Etablisman tatou ak pèsaj yo dwe pran dispozisyon pou tout anplwaye yo mete mask chirijikal ki kouvri nen an ak bouch la nèt, pwoteksyon pou je (linèt pwoteksyon ak/oswa ekran pou figi), ak gan dispozab lè y ap bay kliyan sèvis dirèkteman. ✓ Yo dwe netwaye ak dezenfekte oswa ranplase kachnen yo lè yo fin sèvi oswa lè yo donmaje oswa sal, de moun pa kapab sèvi avèk yo, epi yo dwe konsève yo oswa jete yo kòm sadwa. ✓ Limite kantite moun ki sèvi ak bagay (paregzanp aparèy pou tatou, lwil, grès, bwòs, lim, tay-zong) epitou dekouraje pou moun manyen menm sifas yo; oswa, egzije pou travayè yo mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal) lè y an kontak avèk bagay/sifas sa yo; oswa, egzije pou travayè yo pratike ijyèn men anvan ak apre kontak. ✓ Fòm pèsonèl la sou pwosedi pou mete ak wete PPE kòm sadwa. Gade rekòmasyon CDC yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Reflechi sou egzije pou anplwaye yo mete gan dispozab lè sa apwopriye pou aktivite prensipal la.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou biznis swen ijyèn pèsonèl yo nan rejyon New York ki te gen otorizasyon pou [re-ouvri](#). Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Personal Care Services) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis swen pèsonèl yo ta dwe rete okouran tout chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak biznis swen ijyèn pèsonèl ak sèvis yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa yo pa gen entansyon ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.


Rekòmasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pedik, bwonzaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Direktiv sa a pa aplike nan okenn sèvis swen pèsonèl ki gen rapò ak cheve (tankou koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen), yo pale de sa "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou salon bote ak kwafè yo" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops).

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Itilizasyon Dezenfektan	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans sou ijyèn, netwayaj, ak itilizasyon dezenfektan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC) ak Depatman Sante a (DOH) epi kenbe rejis sou plas ki dokimante dat, lè, ak etandi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan an. ✓ Bay ak kenbe pòs ijyèn men, sa gen ladan pou lave men avèk savon, dlo tyèd, ak sèvyèt papye, epitou dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan pou zòn kote lave men pa posib. ✓ Mete dezenfektan pou men toupatou nan etablisman swen ijyèn pèsonèl la pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize. ✓ Anplwaye yo dwe lave men yo pandan 20 segonn avèk savon ak dlo oswa sèvi avèk yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl anvan ak lè yo fin bay chak kliyan sèvis. ✓ Bay founiti pou netwaye ak dezenfekte apwopriye epi ankouraje anplwaye yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas plizyè moun manyen ak sa moun manyen souvan, epi pou yo pratike ijyèn men apre sa. ✓ Netwaye ak dezenfekte regilyèman omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè, epi netwaye/dezenfekte pi souvan bagay plizyè moun manyen ak zòn ki gen anpil risk yo. ✓ Netwaye ak dezenfekte pòs travay yo (paregzanp chèz, apitèt, sifas travay, tab masaj) ak zouti ki kapab sèvi ankò yo apre chak kliyan. ✓ Egzije pou tout zouti ki pa dispozab yo (paregzanp pistolè pèsaj, fòsèp/pens, zouti metal) byen netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. ✓ Pou netwayaj ak itilizasyon dezenfektan, gade lis pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) EPA idantifye kòm kwa yo bay rezilta kont COVID-19. Etablisman bwonzaj yo te mèt gade rekòmasyon DOH yo lè y ap chwazi dezenfektan apwopriye. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Dwe gen bonjan ayerasyon nan tout pyès sou kote yo pou ogmante sikilasyon lè a. Gade rekòmasyon CDC yo sou pi bon pratik ayerasyon. ✓ Kouvri pòs travay yo ak chèz yo avèk kouvèti dispozab epi ranplase avèk nouvo kouvèti ki poko sèvi anvan chak entèvansyon oswa sèvis pou yon nouvo kliyan. ✓ Mete panno toupre pòs dezenfektan pou men yo, ki di men ki byen parèt sal dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki byen parèt sal. ✓ Mete veso toupatou nan etablisman an pou jete bagay sal, pami yo PPE.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou biznis swen ijyèn pèsonèl yo nan rejyon New York ki te gen otorizasyon pou [re-ouvri](#). Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Personal Care Services) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis swen pèsonèl yo ta dwe rete okouran tout chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak biznis swen ijyèn pèsonèl ak sèvis yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa yo pa gen entansyon ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.


Rekòmasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pedik, bwonaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Direktiv sa a pa aplike nan okenn sèvis swen pèsonèl ki gen rapò ak cheve (tankou koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen), yo pale de sa "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou salon bote ak kwafè yo" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops).

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj, ak Itilizasyon Dezenfektan (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kite tan apre chak randevou pou netwaye ak dezenfekte pòs travay la nèt. ✓ Prewa pou yo netwaye ak dezenfekte zòn ki ekspozè yo pou sizoka ta gen yon ka COVID-19 pozitif, sa gen ladan tout zòn ki gen anpil sikilasyon yo ak sifas anpil moun manyen yo. Suiv rekòmasyon CDC yo sou netwayaj etablisman w lan apre yon ka yo sispèk oswa konfime. 	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ou li ak konprann rekòmasyon eta a pibliye pou endistri an, epi w ap aplike yo. ✓ Mete panno andedan ak andeyò etablisman an pou fè pèsonèl la ak kliyan yo sonje pou yo respekte bonjan ijyèn, règ distans sosyal yo, itilizasyon apwopriye PPE, ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Elabore yon plan kominikasyon ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak metòd pou bay pèsonèl otorize a enfòmasyon. Reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye yo dwe fè tès dyagnostik pou COVID-19 chak 14 jou, depi rejyon kote lye travay ijyèn swen pèsonèl la chita a rete nan Faz 3 re-ouvèti Eta a. ✓ Fè evalyasyon sante obligatwa (paregzanp kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo ak, lè sa posib, pou vandè yo, men yo pa dwe egzije evalyasyon sa yo pou kliyan yo ak pèsonèl livrezon an. ✓ Ominimòm, depistaj la dwe gade si travayè a oswa vandè a te gen: (1) Sentòm COVID-19 pandan dènye 14 jou yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 dènye jou yo, ak/oswa (3) kontak sere avèk yon ka COVID-19 yo konfime oswa sispèk pandan 14 dènye jou yo. Yo dwe egzaminen repons evalyasyon yo chak jou epi dokimante egzamen sa a. ✓ Deziyen yon moun pou kontwole sekirite lokal la ki gen kòm responsabite respè konstan tout aspè yo nan plan sekirite lokal la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye k ap bay kliyan yo sèvis dirèkteman dwe fè tès dyagnostik COVID-19 anvan anplwaye a bay sèvis sa yo. ✓ N ankouraje kliyan yo anpil pou yo mande anplwaye k ap ba yo sèvis dirèkteman an si anplwaye a te fè tès. ✓ Fè depistaj la a distans (paregzanp pa telefòn oswa pa kesyonè elektwonik), anvan moun yo rive, lè sa posib. ✓ Moun k ap fè depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen epi yo dwe mete bonjan PPE. ✓ Kenbe yon jounal tout moun, sa gen ladan anplwaye ak vizitè, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan lye oswa zòn travay la yon fason pou yo kapab idantifye, retrace epi mete okouran tout kontak yo, nan ka yon anplwaye ta dyagnostike avèk COVID-19; Kliyan/pèsonèl livrezon ki te gen bonjan PPE pa ladan.



Re-ouvèti New York

Direktiv pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



Direktiv sa yo aplike pou biznis swen ijyèn pèsonèl yo nan rejyon New York ki te gen otorizasyon pou [re-ouvri](#). Gade "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Personal Care Services) pou plis detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis swen pèsonèl yo ta dwe rete okouran tout chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak biznis swen ijyèn pèsonèl ak sèvis yo epi enköpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa yo pa gen entansyon ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Rekòmandasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pedik, bwonzaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Direktiv sa a pa aplike nan okenn sèvis swen pèsonèl ki gen rapò ak cheve (tankou koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen), yo pale de sa "Konsèy Pwovizwa COVID-19 pou salon bote ak kwafè yo" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops).

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Depistaj (kontinye)		<ul style="list-style-type: none"> ✓ Ankouraje, men pa egzije, pou kliyan yo fè evalyasyon sante/bay enfòmasyon pou kontakte yo pou yo kapab enskri yo/kontakte yo lè y ap retrace kontak, si sa nesèsè. ✓ Gade Rekòmandasyon DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.